

# KOUNYEYA KISA KI POU FÈT?

MEN KISA KAP RIVE APRE  
TÈS COVID-19 OU A.



Mèsi poutèt ou swiv premye etap pou kenbe tèt ou, pwòch ou yo ak Vil New York la san danje.

Pi ba a w ap jwenn kèk pwochen etap ou ka atann kap rive apre w fin fè tès la.

1

## MWEN FÈ TÈS POU COVID-19 LA. E KOUNYEYA KISA KI POU FÈT?


- Ranpli fòm Lè Rezilta Tès la Pozitif la.
- Laplipa rezilta tès yo pare nan 48 èdtan.
- Se pwofesyonèl sante w la oswa etablisman medikal ou a k ap ba w enfòmasyon sa a.



2

## E SI REZILTA TÈS MWEN AN POZITIF?


- Yon dyagnostik pozitif vle di ou gen COVID-19.
- W ap oblije mete w yon kote apa an tout sekirite nan kay ou oswa ale nan yon lotèl imedyatman pandan 14 jou.



3

## REZILTA TÈS MWEN AN POZITIF. KI OPSYON MWEN GENYEN?

- Doktè w pral ba w konsèy ak asistans.
- Moun ki Responsab Chèche Kontak yo pral rele w pou ofri w èd epi pou diskite sou pwochen etap yo.
- Ansanm, ou pral diskite sou posibilite ke w ka bezwen plis atansyon medikal.
- Si w bezwen kite kay ou pou yon ti tan pou w kapab pwoteje lòt ki nan antouraj ou yo, Moun ki Responsab Chèche Kontak yo pral chèche yon chanm lotèl gratis pou ou kote w pral resevwa manje gratis ak lòt sipò.
- Si w kapab rete lakay ou san danje, Moun ki Responsab Chèche Kontak ou yo kapab fè aranjman pou livrezon manje ak atik medikal.
- Ansanm nou pral kreye yon lis ki gen non tout moun ou te an kontak ak yo nan jou anvan w te tonbe malad la.
- Moun ki Responsab Chèche Kontak yo pral kontakte kontak ou yo. Yo pral ankouraje moun sa yo al fè tès epi pou yo separe yo san danje ak lòt moun pou evite viris la pwopaje.



Si w bezwen plis enfòmasyon, ale nan [www.TestandTrace.NYC](http://www.TestandTrace.NYC) oubyen rele 311.